

Pwogram Taks sou Pwopriyete ak pou Repouse Enterè (NYC Property Tax and Interest Deferral Program, PT AID)



Ede ou rete lakay ou ak pou yo pa mete pwopriyete ou nan lavant poze-sele taks



Repouse yon pati, oswa nan kèk ka, tout peman taks sou pwopriyete a



Pèmèt ou fè peman ki abòdab



Kreye swa plan akoutèm oswa alontèm

Fason pou Jwenn Èd

Sou Entènèt: www.nyc.gov/ptaid

Telefòn: 311

Imèl: www.nyc.gov/contactptaid

Si ou bezwen yon aranjman pou andikap oswa pou yon pwoblèm medikal pou ou kapab aplike pou yon sèvis oswa pou ou kapab resevwa sèvis la oswa pou ou kapab patisipe nan yon pwogram Depatman Finans ofri, nou envite ou pou kontakte Fasilitatè Sèvis Andikap la nan www.nyc.gov/contactdofeeo oswa rele 311.

NYC
Department of Finance



nyc.gov/finance

PT AID Brochure [Haitian Creole] – 2.19.19

PWOGAM TAKS SOU PWOPRIYETE AK POU REPOUSE ENTERÈ

(NYC Property Tax and Interest Deferral Program, PT AID)



NYC
Department of Finance



→ Èske ou anreta ak peman taks sou pwopriyete ou? Gen posibilite pou nou ede ou. Repouse yon pati, oswa nan kèk ka, tout peman taks sou pwopriyete a

Men Kijan pou ou Aplike

- Ranpli aplikasyon ki disponib nan www.nyc.gov/ptaid la oswa ale nan nenpò sant biznis Depatman Finans (Department of Finance) (biwo yo nan www.nyc.gov/ptaid)
- Bay prèv laj ou ak revni ou
- Peye pou yon rechèch tit pou idantifye ipotèk ak poze-sele yo epi detèmine valè pwopriyete ou a

Evite Lavant Poze-Sele Taks la

Lè ou soumèt yon aplikasyon pou PT AID, y ap retire pwopriyete ou nan lavant poze-sele taks ki pral fèt la. Men, si w pa ranpli aplikasyon w la nan 45 jou oswa pi piti, yo ka ajoute pwopriyete w la nan yon pwosesis lavanta poze-sele k ap fè oswa youn ki pral fèt pi devan.

Ki Plan Peman ki Bon Pou ou?

Plan Peman

Moun Aje Revni Ba
(Low-Income Senior, LIS)

Kondisyon pou Kalifye

- Moun ki gen 65 lane oswa plis
- Revni brit federal ajiste \$86,400 oswa mwens
- Rezidan pèmanan pou omwen yon (1) ane
- Ranpli yon aplikasyon epi re-sètifye chak ane

Tan Fiks, Baze sou Revni,
(Fixed-Term, Income-Based,
FTI)

- Revni brit federal ajiste \$86,400 oswa mwens
- Rezidan pèmanan pou omwen yon (1) ane
- Ranpli yon aplikasyon epi re-sètifye chak ane

Sikonstans Grav ki Baze
sou Revni (Extenuating
Circumstances Income-Based,
ECI)

- Revni brit federal ajiste \$86,400 oswa mwens
- Rezidan pèmanan pou omwen yon (1) ane
- Èske ou gen yon sikonstans grav: lanmò oswa yon maladi grav, ou pèdi yon sous revni, oswa ou enskri nan Pwogram Asistans Dèt Dlo Vil New York la
- Ranpli yon aplikasyon epi re-sètifye chak ane